Удынэ и кІуэцІым цьыщІэр Псатхъэм и закъуэт. И щхьэгъусэмэ, и къуэми, и пхъуми егупсысырт ар. Дэтхэнэм укІэлъыплъынь, дэтхэнэм укІэлъыкІэн. Гуащэм и нэм кригъэжьихьри, Атисэ ильагъужьртэкъым, Алэдамэ зэхэуэм и гуащІэгъэуэм щыІэт, Дыгъэмыс увыІэгъэу имыІэу зыщІэльадэ Іуэм и бгъэнышцьхэр исри къещцащэхьжати, щІалэри абы дэбзэхащ.

- Дыгъэмыс! Дыгъэмыс! - быдапІэм дэт зэрыгъэкІий макъым Удынэ ейр кьахэщ и гуГэжу, и тамакъыр иритхъунщІэхьжауэ джэрт гуащэр.

Іуэм кьыщІэнахэр, шэч хэмылъу, Іугъуэмрэ мафІэмрэ иукІат. Апхуэдиз лыгъеём щІыху псэууэ кьыщІэнэнэу пщІыт. Ауэ ипхъэтэ щІыхухэр ажалым кьыІэщІитхъыжьну пщІэзыва мэуэт пщыкъуэм и чэзыр къэсатэкъым. Нобэкъым. Ар къызыхуигъэщІа псори зыми ищІэркъым. Ауэ Удынэ и щІалэ пажэр ауэ сытми итыну къзыртэкъым.

Мэуэт гуащэм и щІакІуэ фІыщІэр хуабэм къиГэвэжа мылыпсым зикухьщ, псыр къыпыжу зытриубГуэжри, къеплъэкІ имылэу Іуэм щІэльэдащ. МафІэр кьеблэгъэху блиным зыкІэракъуэзэрэ, Іугъуэм итхъала цІыхубз къомым я бынхэр зэщІаубыдауэ, хэти гуІэгъуэкьым щихъумэу цІыкІуэм зытраубГуауэ зэхэлът. Хэти и хьэдэр дэп хьужауэ, хэти уэгъум дежи щІы щхьэфэр зэрызэгуэтхъым хуэдэу, я щІифэр зэгуэтхъарэ, лы плъэжькІэ лэдэх зэхуакуэм кьыдэплъу мафІэм исауэ зэхэплът. Дыгъэмыс утыкум ильт, Іугъуэм игъэмэхауэ. Удынэ абы щхьэщыпъадэщ, и блэгъущІтым и Іэхэр кІэщІигъэльадэри, и щІалэ пажэр Іуэм кьыщІилъэфащ.

НэгъуэщІ зыри кьыфІэІуэхужтэкъым гуащэм. Апхуэдэ гуэзвэгъуэм уи быныр псэууэ кьыхэпхауэ, гуфІэгъэуэри гуІэгъуэри зэхуэдэу зыхэпщІэу, уи жьэмкІэ кьыжьэдэпкІыжьыным хуэдэу анэгур кьеуэу. Удынэ куэд дыдэ ильегъуат, ишэчат, псэзэпыльхэпІэ куэдми къиКІат, ауэ а псори щигъэгъупщэжауэ, и кьуэм щхьэщыст гъуэгуфу.

- Дыгъэмыс! Къапльэт мыдэ!

ЩІалэм и щІыгыныр апхуэдизкІэ хэщэлъати, кІуэцІижьыхьыным хуэдэу, Іугъуэ къыпихурт. Гуащэм Дыгъэмыс епІэщІэкІыу щІильэфащ щыгъыуэ хъуар, и щІагъщІэлъым нэс.

- И лыр мафІэм ес, гъэупщІыжьи хуейщ, - жиІэурэ, ІэгукІэ мылыпсыр кьищтэурэ, щІалэм и щІыфэм трикІэрт. - ГъэупщІыпи хуейщ, армыхьумэ и лыр кІуэцІрисыкІынущ.

Гуащэм илъагъужьртэкъым быдапІэр зыубыда ащырыдащэм и нэхъыбапІэр мэуэтхэмрэ нэрыбгёйхэмрэ зэтрауІэу, Іуащхьэу кьызэрагъэтІылъар. Зыри хуиІуэхутэкъым зы гуп яІэщІэкІыу кьуэкІыпІэмкІэ зэрауэнтІамэ. Удынэ и дунём тетыр щІыхуищт: и бынитІымрэ и щхьэгъусэмрэ.

Дыгъэмыс и щхьэр зэрихьэрт, зыкьищІэжауэ.

- ЦІыху Іэджи кьыщІэнащ иджыри... Іэджи кьыщІэнащ. СыуТыпщ! - и щІифэм ІыбжьыбжьУ зы Іэпапіэ темыльми, зыкьИэтыну кьеІэрт щІалэр.

- Зэфіэкіащ, Дыгъэмыс! Зэфіэкіащ. Зэ, загъэ! А, си щІалэ, загъэ! - щІым иригулІыжьырт ар и анэм.

Зы зэман Удынэ зыкьищІэжри, и щхьэр кьиІэтащ. Аддэ жьыжьу, Алэдамэ щытт, и щхьэр екъэхауэ. Мазитї щІауэ имыльэгъуа и щхьэгъусэм зэрыІуплъэу, Удынэ и гур псэжужащ. И щхьэгъусэр мы зекІуэм псэууэ имыкІыжину къыщІэхъуаи, дзыі ирилъэу щІы-махуэр ирихами, мес, псэут, узынщт. Абы и закъуэ... КъызыкІэпІыкІуа текІуэныгъэр къахьэхуарэ, биидзэм иубыда быдапІэр къыІэщІахьжауэ, щІыхуэм я нэхъыбапІэр уэрт къащІыжауэ зэхэтщ нэжьгъущІыдзэмрэ мэуэтхэмрэ.

- Дэнэ щыІэ Атисэ?! - зэуэ и щхьэм дэуейри, кьыщІыльэтащ Удынэ. - Дэнэ щыІэ Атисэ? Фльэгъуа Атисэ?

Блэкіи кьыблэкіыжи щымт. Хэти и щхьэр щІегъэ, хэти и напІэр иредзых, хэти и Іупэр икъуэу гуащэм къоплъ.

- Атисэ дэнэ щыІэ, зо?! - мэуэт гуащэр къэгъжьеижащ аргуэру.

- Атисэ уІэгъэ хъуащ, - жиІащ абы кьыбгъдэкІуэта щхьэгуащэм.

Удынэ кьыжраІар кьыгурымыІуа хуэдэ, и нэщхьэр зэхэлъу ельащ абы.

- Дэнэ здащыІыр? - и тэмакъым кьыщІэгъуэлъхьа шыкъырыр ирикъухьи и гуГэу, и Іупэр иригъэнэхри, щІэупщІащ Удынэ.

- Мобдеж щылъщ. КІуэ. Сэ щІалэр зыхуэй хуэзгъэзэнщ, - жиІэри, и дамащхьэм кьытеІэбащ.

Удынэ и лъэр щІэщэту, зыІуплъэнум щышынэу, зыхэумыжьу лъэбакъуэ зытІу ина нэужь, кьарууэ хэлъыр зыхихьэсыжри, зричащ. Пщащэр щылът хэлубаэу, и Іэпкъльэпкъым шабзэшэ зыбжанэ хэлърэ, езым укьимыщІэу. Удынэ и фэр пыкІри, и Іупэр щхьэнтІэ къэхуащ, абы зэрыІуплъэр. Арат ар зыщыщынар, арат абы ипхъу закъуэр нэрыбгёйхэм зэрахьыхьар щІыфІэмыфІыр. Арат, кьызэрыщІэкІымкІи, анэгу тхъэмыщкІэр щІэпІейтеяр. Гуащэр, теплъэкъукІыу, гу зыщимыхуа, хуэфащэ гулъытэ зыхуимыщІа, зыщІэбэг щытхъу псальэр кьызыхуэмыгъэса пщащэ щІыкІум и гъащІэр Хьэтеём щхьэзыхьэ хуищІауэ щытт. Удынэ зэм и щхьэгъусэм йоплъэж, зэми щІакІуэм тельу щІым щытым йоплъэж. Алэдамэ и нэщхьэр зэхэлъу щытт, и жьэпкъыпэр пыкІззыхьэу, кІэщІ-кІэщІу бауэрэ, хьэуа жьэдишэм иримыкъуж нэхъей, и бгъэгум епхъуэу. Гуащэм лъэгуажьэмыщхьэу зригъэщэтэхри, Атисэ и щхьэм Іэ дильащ. Пщащэр бауэрт.

- Шабзэшэхэр щхьэ кьыхэмычыжрэ? Егъэуэ мыбыкэм Атисэ и Іэпкъльэпкъыр. Щхьэ кьыхэмычыжрэ? - кьыхачыжмэ, хьэ псынщІэжу лъыр кьиутІыпщу, зэрыпІэнур ищІэ пэтми, гуащэр гужьеёуэ къэхудэпльэфт арыхьэу къэса нэрыбгёй Іэзэхэм.

- ЗышыІэ, Удынэ. ОщІэ зэрымыхъунур. Епсэльэжи нэхъыфІщ. ФащхьэщыкІ, - жиІэри, Іэзэхэм ящыщ зым Іуишащ пщы унагъуэр къэзэыхъуреихьахэр.

- А, сэ си тхъэмыщкІэ! А, си тхъэмыщкІэ цьыкІу! Сыт мыгъуэр пхуэсщІэн?! Щхьэ мыгъуэм укъесшэжьат, си хьыджэбз дахэ цьыкІур?! - и гур кьратхъарэ и бгъэгум жьыуейр щІызэприхуу гъуанэшхуэ хъуа нэхьей, Удынэ и Іэпкъльэпкъэр къеуэрт.

- Абы и пкъым уэ мыщІыху гуэр кьитІысхьати, и куцым хьыхьжауэ, къришхыкІым хуэдэт. Удынэ, лъэкІамэ, и ГащІэр тІэунейрэ итынут, ипхъу закъуэр псэууэ мы зауэм хэкІыну ищІамэ. Дэтхэнэ анэми, шэч лъэпкъи гупсысэ леи кьыхимыгъэкІыу, и гащІэр итынущ быным щхьэкІэ. Іэгъуэблагъэм цІыхуу итым игъащІэ псокІэ я тхьэкІумэ кьинэу кІиину хуейт ар. Ауэ, мэуэт гуащэм кьеКІуэт апхуэдэ зыщІыкІэр?! Зи псэ еджэу телъ тхъэмыщкІэри бгъащэ хъурэ?!

- Зыйгъ! - гуагъэм и щхьэр зэкІэжьыным зымащІэ тІэкІу фІэкІа зэримыІэжьым гу льитэри, щхьэгъусэм и дамэм теІэбащ Алэдамэ.

- ЗышыІэ. ЕмыкІущ...

- Си анэ... - щхъу дыдэу къэІуащ хъыджэбз хэІубам и макъыр.

- Сыт, си фыщэ кІанэ? Сынодаіуэ, си псэ закъуэ! - зригъэзэхри, и пхъум и щхьэфэм Іэ дильащ Удынэ.

- КхъыІэ, зыри умыгъэкъуанщэ къэхуамкІэ, уи щхьи умыгъэкъуэнщэж! Хьэтыпщымрэ пщыкъэрэ къауКІатэмэ, я къуэпсыр гъужьнут. Зэрыхъум хуэдэу сщІащ.

Удынэ а псальэхэр щызэхихьым, зыхуэмышІэжу, кьыщиудащи, зэщыджэу магъ, макъыншэу.

- ЦІыхубзу щыІэм я нэхъ хахуэр си анэ дахэу, цІыхухъум я нэхъ лІыхъужьыр си адэ щабэу сытетащ дунём. СыфхуэзарэзыщІ. Гуауэ фщыхъун псальэ зэхьвэзэгъахьам, кьыхуэвгъэгъуэ! - и напІэр къыхуэмыІэту, къехьэльэкІыпэу Іущащэрт пщащэр.

- Апхуэдэу жумыІэ, си псэ закъуэ! УэутІыпщынукъым. Сыхуеийкъым... ХэмыгъэфІэжауэ, гу пщыкъмыхуауэ... КхъыІэ, апхуэдэу жумыІэ, Атисэ, - зэгуэудырт анэгур.

- Уигу умыгъэныкъуэ, си анэ. Си напэм уи Іэр щабэу кьыдэлъи, абы нэхъ фІыгъуэ кьызытынкъым уафэм, - зэхэпх къудейуэ жиІащ Атисэ, псальэм и кІэуухэр ишхьжрэ, и бзэр ильахъэу.

- А, си нэфІыцІэ цьыкІу. Си хьыджэбз хахуэ! Сытым хуэдэу си щхьэр лъагэу сыбгъэльэгъужа, си гу кьабзэ. Пщы унагъуэм хуэфащэ дыгъэ бын! - Удынэ и пхъум и нэкІум Іэ дильэщ, зригъэзэхри, и нэкІубгъу кьаплъэм ба хуищІащ.

- ГащІэр хуэм-хуэму зыхэкІ Іэпкъльэпкъ дийр игъэхуабэу, Удынэ хуэмыубыдыж нэпс пщтырхэр хьыджэбзым и нэгум тельадэрт.

- Си адэ! ЩІыІэм сес... - щьжиІэм, Алэдамэ зыхуэмышыІэжу зригъэщэтэжащ.

Абы и нэпІитІыр игъэпщІкІуу хьыджэбзым щхьэщытІысхьэри, хуэзфІэкІыхьэр арати, Атисэ и пІлэм и ІитІыр трилъхащ.

- Сэ узгъэхуэбжьынкъэ, си дахэ. Иджьпсту узгъэхуэбжьынкъэ, - жиІэу, гуащэр и пхъум щыбгъэдэгъуалъхьэм, иужь дыдэ Атисэ хьэлъэу хэщэтыкІри, зэгъжащ.

Хьыджэбзыр кьызэмылыну уІэгъэ зэрытелъар ищІэми, гуащэр щыгугъырт телъыдж гуэр кьэхъуу, Псатхъэм Атисэ гущІэгъу кьыхуищІыну. И Іэзэгъуэ кьигъуэту ипхъу закъуэр кьригъэІыбрыну. Псори нэрыбгъуэми, хуейтэкъым Удынэ ар и фІэщ ищІыну. Пщащэм и псэр зэрыхэкІар, зэрымыбэуэжьыр кьыгурыІуа нэужь, Удынэ и щхьэр зэкІуэкІам хуэдэу, хьыджэбзым и щІыфэм шабзэшэу хэлъыр кьыхичри, хьэдэр зрикъуэлІащ. Анэм и бынмрэ и щхьэгъусэм и ІуэрыІуэр, и щхьэр зыкъуэкІ щыст, и нэр жьыжьэ гуэрым хэпІъэзауэ.

- Жей, си псэм къыхъуэжа къудамэ цьыкІу... Игъуэ къэмысауэ пыщащыжа си пщІащэ. Дуней псо и уасэу гу къабзэ. Хахуэу щыІэм я нэхъ хахуэ. Фыгъуэу щыІэм я нэхъ пІапэу Псатхъэм къызита. Сыту гувауэ кьызгурыІуэжа ар. КхъыІэ, кьысхуэгъэгъу, си фыщэ кІанэ! КхъыІэ, кьысхуэгъэгъу! - гуащэр имыгъэбгъуэрэ и тэмакъыр щІыхьэнэм хуэдэу уэу тыкъырышхуэ къыщІэгъэуэлъхьащ и пщІэм.

АЖАЛЫМ къыІэщІаха хъэтыпщымрэ абы и къуэкъмрэ пІэм хэлъат я лъэгур мафІэм щІижьыкІарэ, темыуэфу, закъыхуэмыІэту. Арнэут и ягъэкІэ мэуэт пщыпхъэр зэрыхэкІуэдар гуауэ хуэхъуатэ, зыу пкъыратыр абы «Атисэ» фІэкІа кьыжьэдэмыкІыу. И нэгуи пщІыхьи хэкІыртэкъым пщащэм зыкъриитэкІыу, и Іэпкъльэпкъыр хьэтыкІуэм шэпэІудэ зэрыхуищІар, и нэ фІыцІэ пІащэхэр щІилъафэу зэрещэтхъыжар.

ПщІантІэм дэту хъэар нэщхьейт. ТекІуэныгъэр къахьами, зауэм и кІэр хьэдагъэщ. Щхьэж и хабзэ кьызэриті асэу, и хьэдэ щІилъхьэжами, игъэсыжами, Удынэ ипхъу закъуэр хамэщІ щыщІригъэлъхьэн идакъым. Атисэ и закъуэкъым лъэпкъым тфІэкІуэдар, уэрэд зыхуаусыжхэм хуэдэу нэрыбгёй, мэуэт Іэджи тІэщІэкІащ, хьэдэ псори ди зэхуэдэщ жиІуэрэ, Алэдамэ тригъэчыныхьами, анэгум хутегъэхуакъым ар. ПкъэкІэ бэнышхуэ зэрилъэІуІщ, щІы ирикІутэжри, пщащэм и хьэдэр абы дилъхащ, хэкум здишэжу щыщІилъхьэжыну. Зэм и кІуэ пажэм щхьэщысу, зэм щІыІапІэ щагъэува бэным кІэрыту, я зэхуакуэ зэхикІухьырт гуащэм. НэгъуэщІ зыри ильагъуныи, зыгуэрым епсэльэныи, шхэныи гукъыдэж иІэтэкъым Удынэ. Абы и дунёр зыгуэрым гущІэгъуншэу зэхигъэщэщати, зыри фІэІэфІыжтэкъым, зыри хуеижтэкъым.

Жьэгум пэжьжьэу ягъэкІуэта гъэулъапІэм иукъуэдиярэ, и щІыфэм трищІа псыбыбым зыри ІымыгъэІэсу и пкъы пщІанэр къыщІэщ щІылъ Дыгъэмыс. Іущхьэ шэху ирагъафэу ягъэжея щІалэм и Іэхэр, и пщэр, и нэкІур мафІэм исауэ цІынагъэт. Анэр къуэгъэнапІэм къуэт шэнтым тесу кІэлъыплъырт убалъэкІэ Хьэцацэ зыгуэрэр зрэзэІищІэм.

- Мыр жэгундэ плъыжьщ, гуащэ. Мафэм исам и хущхъуэгъуэщ. Узыр щхьэщэх, е иригъакІуэркъым, дыркъуэнэуи егъэкІыж. Умыгъэавэ, дахэ дыдэу кІыжьнущ псори, - Удынэ щІэмыупщІэхэмэ, гуащэм и гур зыгуэркІэ игъэпсэжи и гугъэу, Іущащэрт пщащэр.

Къызэрагъэгугъауэ, къызыдащтат ари, мис, кьыхуэсэбэпыжащ.

- Си анэшхуэм зэкищІэу сльэгъуат мыпхуэдэ хущхъуэ, - погуфІыкІ хъыджэбзыр.

Удынэ и щхьэр ещІ:

- Ўзыншэ ухъу, дахэ!

Абы хэту, бжэр Іуекри, Мэчанэ къыщІохьэ пэшым.

- ЩІалэр сыт хъэр?

- Хъарзынэщ, Мэчанэ. Упсэу... - зегъэкІэщ зи нэм нэху щІэмытыж гуащэм.

- Мыр сыт мы уи тепІъэр, цІыхубз? Апхуэдэут-тІэ, дызэрагъэсар?! ЛІыгъэ зыхэгъэлъ, - ауэ щыт шэнт лъахъшэ цІыкІум зрегъэщэтэхри, гуащэм кьыпэтІысауэ, и нэгум кьоплъэ ар.

Удынэ и щхьэр игъэкІэрэхъуа мыхъумэ, зыри пІдзыжакъым щхьэгъащэм.

- Мыдэ кхъыздаІуэ... Пльэкъ псор зыщІгуГъ пщыкъуэр кьригъэлу кІэуджажащ уи пхъур! Ар абы и кьалэну кьилъытэжу, и ГащІэм и мыхьэнэр абы хилъаГуэу ищІащ. Уэри ущытащ апхуэдэу, дэтхэнэ зы нэрыбгёйри абы дыпетту доэзу. Дызыхуагъэсари дыкъызыхуигъэщІари аращ, Удынэ.

- Уэ кьыбгурыІуэнукъым ар, Мэчанэ, - и напэм кьытелъэда нэпсыр ирильэщІэкІри, щхьэгу жиІащ гуащэм.

- Пэжщ, кьызгурыІуэнукъым. Си кІуэцІ кьикІаХэм ящыщу зым и нэгуи сиплъакъыми, бынир зищІысыр сщІэркъым. Пэжщ, - Удынэ зи гугъу ищІыр кьыгурыІуат щхьэгуащэм. - Ауэ, уэ бгъэунэхуащ ар, быным и ІэфІыр зыхэпщІащ. Кьыпкіэрыхуар кьызэрыхьур пльагъуу, и нэгур пцІыхуу упсэущ. Гу цыпхъакъым, кьызгуроІуэ. Ауэ сэри сощІэ цІыху щыпфІэкІуэдым деж уи гур зэрыуэр, нэпсыр щыбгъэпщІкІуКІэ, абы уэзрызэихьэр, а дыркъуэр кІуэцІкІэ пкъэ ІэплІэ пэтми, пхуэмыубыдыжьихэу уэзрызэхиукІэр. Дэтхэнэ зыми ди гур щІэузын гуэр тфІэкІуэдащ: хэт и ныбжьэгъу, хэти и щІасэлі. Апхуэдэущ ГащІэр зэрызэхэлъыр, сэ бжезмыІэми, ощІэ ар, уи щхьэм хъэсри пщыгъупщэжащ армыхьумэ. Псори дыкІуэдыжынущ, гуащэ. Ауэ Атисэ и цІэр кьызэринэкІащ, лІыгъэ зэрихьэри, абыкІэ ГащІэм лъэужь кьыхинащ. Уи щхьэр лъагэу Іэт, гуащэ! Уи пхъум уи щІыхьэр итхъэгъэуащ, уи цІэр нэхъри итэтащ. Мэуэтыпщым и быныр жаІэурэ, яІуэтэжьи Іэхъущ зэрыкІуэдыкІар.

- ПщІэрэ, Мэчанэ, Іущыгъэ хэлъщ а дэ дызэрапІам... Нэрыбгёйм и щхьэр зэрымыщІыхуэм. Уи нэгу кьыщІэгъэхьэт зауэ хьэсри уи бын щІэпІтхьэжу... А узым уи кІуэцІыр кьриІуэнтІыкІыу адэкІэ упсэун хуейуэ. Сымыдами, си щхьэр кьыфхэсхьу сежьэжами, тыншщ унэрыбгёеину. Анэу ущытынмэ нэхъ-рэ къуэдкІэ нэхъ тынщщ, - и нЫбжьэгъуи и нэгум илъэри, жиІащ Удынэ.

- Мо пІэм ильым еплъи, иджыри зэ жьІэжьыт ар, Удынэ. Уэ иджьри щІалитІ кьыпполпІэ, кьыщкІуэлІэжьыну махуэр къахуэмыгъэсу. Абыхэм пщхьэщхьынщ уи гуауэр. Пэжщ, зэи зыми хуэгъэнщІыжьынукъым а гуауэм зэзриунэщІар. Мес, Дыгъэмыс уиІэщ, кьызэрызгурыІуэмкІэ, Хьэцаци уи унэ хьынэнущ, - щІалэм и щІыфэм щабэ дыдэу жьгундэ убар щихуэу щхьэщыт хъыджэбзым хуеплъэжКІри, пыгуфІыкІащ Мэчанэ. - Алэдамэ егупсыс... Уэ нэпс щІэбгъэхьІыуэ уи гуауэр бгъэтІыс щхьэкІэ, абы нэхъ Іеижу кьофыкІ ар. Сэ зэлІэсфІэхэм я зэхуаку дэлъ зэхуущтыкІэм хэсщІыкІыр мащІэщ, ауэ унагъуэр фызэрыІыгъмэ, апхуэдэ дыдэу кьохьэлъэкІынукъым. Зыгуэрым дэбгуэшын хуейщ а уи кІуэцІым илъыр.

Абы хэту пэшым къыщІыхьащ Алэдамэрэ Тутхъэлийрэ. ЦІыхубзхэм зыкъаІэтри, щхьэщэ ящІащ. Хьэтыпщым дыркъуэшхуэ телъми, зы пльэбакъуэ ичыху и лъэгу цІынэр нэхъри зэщІитхъуырэ, лъейм лъыр из ихъуами, гуащэм и пащхьэ кьимыІуэу лъэкІынутэкъым. Тутхъэлий и ныбжьэгъум ипхъу закъуэм и щхьэр хьэт зауэм зэрыхилъхьам ириукІытэрти, кІуэцІрихуамэ нэхъ кьищтэнут, Удынэ и нэгум кьищ гуауэр илъэгъуа нэхърэ. ЖиІэнури зэрыжиІэнури кьыхуэмыщІэу, Іэнкуну кьиуващ ар мэуэт гуащэм и пащхьэ.

- Зы псалъи кьысхуэгъэуэткъым, гуащэ... Уи гуауэр зэрыпщІэщІэсхьи зы Іэмали щыІэкъым. Ауэ фІыщІэ пхуэсщІыну сьхуейт апхуэдэ бын зэрыбгъэсам папщІэ. Си лъэпкъыр ажалым кьыІэщІэфхащ, кІуэдыжьиІэмэ кьыжьэдащ. Зэи схуэмышынын щІыхуэзэ ар, - Хьэт къэралыгъуэм и пщым мэуэт гуащэм щхьэщэ кьыхуищащ.

- Махуэ тхъэм пхуищІ, Тутхъэлий! - зи нэм гуауэр щІэзу кьеплъ хьэтыпщым жэуап щыпкъэ иритащ гуащэм.

«Зыри умыгъэкъуанщэ кхъэуамкІэ, уи щхьи умыгъэкъуэнщэж! Хьэтыпщымрэ пщыкъуэмрэ къауКІатэмэ, я къуэпсыр гъужьнут. Зэрыхъум хуэдэу сщІащ», - гуащэм игу къІэкІыжащ Атисэ и псальэхэр. Удынэ и фэр пыкІарэ и Іупэр ІурыуцхъуэнтІыкІауэ къэнам хуэдэт, къаруунщэ зэрыхъуари наІуэт. Алэдамэ абы кьыхуеплъэкІырт, кьыхуэгъэзавэу. И щхьэгъусэр кьыщІемыпсалъэм и щхьэусыгъуэри кьыгурыІуэрт. Гуащэм и псэгъуэ щхьэу игъэкъуанщэрт мы зауэм мэуэтхэр кьыхэзрыщымыкІэ, абы кьыкІэпъыкІуэн хуей хьуэ, япхъу закъуэри зэрыкъуэдамкІэ. Анэгум апхуэдэут кьыхэзрыщыхъэр. Зэми Удынэ кьищІэжырт зауэлІ пльэпкъым кьызэрыхэкІар, пльэпкъ псор щыхупІэм кьызэрырашар, пльэкІуэ кьыпхуэкІуар утыку кьыбнэну зауэлІ напэмрэ щыхьымрэ кьызэремызэгъыр. Апхуэдэу, цІыхубзым и нэрыбгёй щІэпъэныкъуэмрэ и анэ щІэпъэныкъуэмрэ зэныкъуэкъужьрт.

Алэдамэ кьыгурыІуэрт а псори. ИщІэрт Удынэ и гупсысэхэр зэпэзу ищІыжьыу, кьхэуа псори зыпхэгъэкІыу кьыгурыІуэжьыу и гугъу ищІын зэрыхъэмейр. Абы кьыдэкІуэри, тафэм къытридзэ бдзэжьейуэ, зызыукІыж бзылъхъгъэм и гур щІэузыртри, зыхэху щытыкІэм кьыхишыну, псалъэкІэ тригъэуну, щІэгъэкъуэн хуэхъуну хуейт. Ауэ мэуэтыпщым быдэу ищІэрт Удынэ псори зэгуэр кьызэрыгурыІуэжьынури, игъэпІащІэртэкъым. Ежьэрт теужьыу.

- Алэдамэ, си кьуэшыжь... Гуащэ... Мэчанэ... Ассей... Ажалым дыкъыІэщІэфхащи, фІыщІэ фхуэощІ. Ауэ, сэ быдэу сощІэ ащырыпщыр кьызэрымыувІэнури, кьызэрытригъэзэжьынури. И кьарур кьызэригъэпэщыжрэ, дзэ кьыщІэувэмэ, аргуэру кьыттеуэнущ. Си хэкум цІыху кьинэжакъым, псомя я щІыб кьытхуагъэзащ. Фэри нэрылъагъу фщыхъащ, сэри фІыуэ кьызгуроІуэ зэрызытхуэмыужьжьыжьынур. Кьалащхьэр алыдж зэрыпхуэкІуэхэм кьаазрыІэщІофхьжам, быдапІэр хуит кьызэрифщыкъам и кьыжьэрыфащ. КьыскуэвмыщІа Щыхуэ и куэд ффІэкІуэдащ фэри. Абы кьыхъэкІыу зы гъэІу закъуэ фхуэІэжщ. Си напэр мысу, хуиту, сигу зэгъауэ сыпсэун папщІэ, си иужьрей лъэІур кьысхуэфщІэ. ФыщыкІуэжкІэ, жьлэуи кьалэуи фызрихьэлІэм сабий зеинщэу щывгъэтымрэ фщІигъуу Мэуэтеём нэкІуэну гукъыдэж зыщІымрэ фемыльэпауэу здэфшэ... Къэт хъэралгъэуэм щыщІэфлъхьа нарт щауэхэмрэ нэрыбгёй хахуэхэмрэ я пІэ иреувэ ахэр! Щрепсэу ахэр хьэтхэмрэ мэуэтхэмрэ кьызытетхъыжьжа лъэпкъыкьым и щІынналъэм. Хьэтхэм папщІэ зи бын щымысхьа унагъуэхэм ятвегуашэ. Яхурехъу абыхэм бын пажэ. Мыбы кьыщынэмэ, гува-щІэхами е альиджэм, е ащырхэм кьызэрауклІэнущ. Щремыкіуэдыж хьэт жьлэр мыбдеж. ЩрегъаГэ хьэт къудамэр хуі адрыщІ. Ди адэр псэужатэмэ, абыи арат жиІэнур, Алэдамэ, - Тутхъэлий и нэр псыІэ хэхуэрауэу хуеплъэкІащ мэуэтыпщым.

Алэдамэ арэзыуэ и щхьэр ищІащ. Хьэтыпщым гуащэм щыхуеплъэкІым, Удынэ, пыгуфІыкІри, жиІащ:

- ДыкъызэрыкІуа кхъэхьжьхэм ихуэр здэтшэнщ, Тутхъэлий, умыгъавэ...

ГъАТХЭ дыгъэм хуэму зиІэтырт, уафэ джабэр кьиГэуЦІыплъэрэ, и бзий щабэхэмкІэ кьедэхащІэуэр мэуэтхэр иригъэблагъэхэу. Хьищхьэри, гуфІаеу темыпыІэжьхэр хуэдэ, джэгурт, зэм зиІэту, зэми ещэтэхьжуР, нарт кхъухьжьжьхэр щІиупскІэу. ЦІыхуэдэыфафэу ущыщІэзщІэпІъ псыхьэм тхъурымбэ хуэжьыр бырыбу телът, хьищхьэм хьэлъэ-хьэлъэу кьытегъуэлъхьа пшэ фІыцІафэхэри пщэдджьыкъ дыгъэпсым зэкІэщІихужауэ, бгыщхьэм тет Аскъалэ хуитУ уІуплъэрт.

- Си гур псэжужащ иджы... - дыгъэ бзий щабэр зи нэгу дахэм тепсэ гуащэ нащхьэр щхьэгъусэм хуеплъэкІри пыгуфІыкІащ.

ИпхъУ закъуэр хамэ щІыпІэ щІыкуэдыжами, Атисэ и хьэдащхьэр хэкум къеэшшэпІэжа гуащэм и псэр зэгъэжат. Хъыджэбз хахуэм и мащэм Іуащхьэшхуэ тратхъужрэ абы и хъыбар цІыхуэм яІуэтэжу, игу кьиихьэмэ, зэкІуэпІэн кхъащхьэр гъунэгъу, щалъхуа щІыналъэм щыщІалъхьэжмэ нэхъ кьищтэрт анэми, кьызэпришыжащ хъым. Удынэ апхуэдизкІэ и гур дэпсэхужат абыи, хьищхьэм текІуэдыкІыж пшэ фІыцІэхэм ящІыгъуу, гуащэми щхьэщыкІат и гуауэр.

- Пльэкъ псо тыгъэ кьыпхуащІащ, гуащэ, сыт псэжу?! - цІыхубзым гъунэгъу дыдэ зыхуищІщ, гуапэу пидзыкри, кхъухь пашэм ижь ит къомымкІэ кьеплъэкІащ Алэдамэ. - Тхъэм пльэпкъ кьупщхъ тхуищІ!

Эпилог

ХЬЭТУСИПЭ и къуэ Тутхъэлий и тетыгъуэм ирихьэлІэу, хьэтхэм кьару щІагъуэ яІажакъым, гъунапкъэхэр яхъумэ мыхъумэ, зекІуэжуэхэри къахуэзгъэпэщыжьфакъым.

Алэдэдэу, Цэпкъ (Исувэ) быдапІэм дежи щекІуэкІа зауэ гуащІэм хьэт зауэлІ мин ТІощІым щІигъэгъуащІуэдыкІа къыхощыж тхьдэм. Арами, зэрыпхъуакІуэхэм къаІэщІэкІа хьэтыдзэм ащырхэр ирахужьжьри, кьуэкІыпІэр кьыІэщІагъэкІыжауэ щытащ ащырыпщым.

Абдеж щиухакъым зэпэщІэтыныгъэр. Зауэ губгъуэм Ашэрэд (Салманасар Шульманум Ашаред Езанэ) щауКІат, ауэ, абы и къуэ Нынурт (Тукулти-Нинурт Езанэр) хьэтхэм яІэщІэкри, Ащырейм игъэзэжащ, Тутхъэлий зэрыхуигъэфэщащи, дзэшхуэ кьызэрипэщыжри, Хьэтеём «кьыгуэшхыкъ» зэпыту екІуэкІат. Апхуэдэу, Ащырейм, тІэкІу-тІэкІуурэ, ихьэхуащ Щамыр (Сириер), Къэрхъэмышыр, Цэпкъыр.

*ІуэрыІуатэм нобэм кьихьэсащ мы тхыгъэм кьыхэщыж Анэуэрэ (Троян зауэ). Тхыдэджжэм зэрыхуагъэфащмкІэ, хьэтхэмрэ ащырхэмрэ щыІэзэзуа пльэхьэнращ Илэун зауэри щекІуэкІар. Хьэтыпщыр кьуэкІыпІэмкІэ зэрыщыІзауэм, кьалащхьэм зэрыпетпльэкІуэкІам игъэгушхуэри, альидж зэрыпхъуакІуэхэр Хьэтеём и къуэлІэ щІынналъэхэм теуауэ щытащ. Троян зауэм щхьэусыгъуэ хуэхъуэдыр илэун пщыкъуэм зэридыгъуар арауэ хуагъэфащэ. Ауэ, Іэхуум и пэжьпІэкІэ, зэрыубыда алыдж хьІтыгухэм я пщышхуэм а Іуэхугъуэр фІэгъэнапІэ ищІу зиІэтауэ арат, куэд щІауэ зэщакІуэ Хьэтеём и къухьэпІэ щІынналъэхэр иубыдыну. Хьэты

Адыгэ Прометей Къалмыкъ Юрэ

ЛІэщІыгъуэм и цІыху

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм къэрал утыкум къихьа политик цІэрыІуэхэм ящыщщ ди лъэпкъэгъу щэджащэ Къалмыкъ Юрэ.

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм, УФ-м и Къэрал Думэм, Юстицэмкіэ и министерствэм купщІафІэу къызэрыщыпсэльауэ щытахэмкІэ къэралым и цІыху мелуанхэм я гум кьинащ Къалмыкъ Юрэ. Хабзэ зэмылІэужьыгьуэхэм я проектхэм щытепсэльхьыкІэ, псоми нэрылъагъу ящыхьурт Къалмыкъым хэлъ зэпІэзэрытагъыр, бгъэдэлъ щІэныгъэ куэр, зытепсэльхьыхьм нэсу зэрыхищІыкІыр икІи лъэныкъуэ псори зэпэшэчауэ Іуэхум зэрыбгъэдыхьэр. Апхуэдэу ар зэрыщытыр куэдрэ жаІэрт абы къыдэлэжьахэу Чернокьурдин Виктор, Степашин Сергей, Яковлев Вениамин, Нишанов Рафик, Крашенинников Павел, Куликов Анатолий сымэ, нэгъуэщІхэми. Къэралым и хабзэ нэхъыщхьэхэр зыубзыхуахэм я пашэу зэрыщытам къыдэкІуэу, абы и нэІэм щІэту гъэхьэзыра хъуащ юрист цІэрыІуэхэр, Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэр, Урысей Федерацэ псор нобэ зэрыгушхуэхэри яхэту.

Зыщыщ лъэпкъым ифІри и Іейри зыхищІу, и гуфІэгъуэр ядиІэтрэ и гуауэр ядигуэшу псэуащ Къалмыкъыр. Абхьаз Республикэм лъэпкъ зыхъумэжыныгъэмкІэ и министру щыта Сосналы Сультан жиІауэ щытащ: «Къалмыкъ Юрэ ипэжиІэкІэ щытащ - адыгэ, абхьаз лъэпкъхъэм я джаІуэу икІи унэтІакІуэу, я пашэу икІи пльапІэу. Абы и пащІэ иныращ, бгъэдэлъ зэхэщІыкІ куурц къэзыхьар зы тхьидэ лъабжьэ зиІэ бгырысхэр абхьаз лъэпкъ цІыкІм и кьыщхьэщыжакІуэу увынир. Аращ Абхъазым ядэІэпыкъуэ гупым дзэпщ пэльытэу яІар. Къалмыкъым и кьыхуеджэныгъэм зэуІу ищІауэ щытащ зэшхэм я гъэпсыкІыр, я кьаурр. Апхуэдэ зыхуэзфІэкІа ди лъэпкъхэм ящыкІи кьахэкІауэ щІэрккъым. Пэжыгъэ захуагъэмрэ, лІыгъэмрэ захуагъэмрэ, цІыхуугъэмрэ я зэхэщІыкІымрэ я нэщэнэу ар бэм я гум куэдрэ илъынщ».

Апхуэдэ псалъэ дахэ куэд абы хужаІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щыщ цІыху цІэрыІуэхэм. США-м щыпсэу ди лъэпкъэгъу Къэзан Яхья Юрэ и кьащхьэм щыжиІауэ щытащ абы и лІэныгъэр адыгэу дунейм тетым ди хэщІыныгъэ ину зэрыщытыр.

Дэтхэнэ лъэпкъми иІэщ езыр зэрыгушхуэ икІи зэрыпагэ цІыхуушхуэхэр, лІэщІыгъэкІэрэ я тхыдэм хэмыкІыу. Адыгэхэм ди дежкІэ апхуэдэщ Къалмыкъ Юрэ.

ТХЬЭГЪЭПСО Анатолэ,
журналист.

ГъащІэми щІэныгъэми щылІыхъуэсэ

Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэр гъащІэм сызыщрихьэлІахэм ящыщу ящІэшхуэ зыхуэсщІхэм яхьзолъытэ. Ильэс 40 нэхъ ІэнатІэ дзыхь къыхуамыщІами, ар абы ирихьэкІащ тэрэзу, зыхэтым пщІэрэ щІыхьрэ къыхуащІу - ахэр студент е профессор гуп ирехъу, къэрал къулыкъущІэу е цІыху къызэрыгуакІыу щрет. Къалмыкъым хуэдэу «цІыху минхэр, мелуанхэр къыхуэарэзыщ» зыхужьыпІэн куэд щыІэу сэ сщІэркъым.

ІэнатІэ куэдым сыщыдэлэжьащ сэ Юрэ икІи ар лъэныкъуэ псомкІи къэсдыхуну Іэмал згъуэтащ. Куэдрэ къэхъуркъым зэчий лъагэмрэ зэхэщІыкІ куурэ, гуащІэдэкІ хьэлэлымрэ кьару мыкІуэщІымрэ, щыпкьагъэмрэ лІыгъэмрэ зэгъуэру зы цІыхум хэлъу ущрихьэлІэ. А хьэл-щэн псори хэлът Къалмыкъым, къэзыгъэлажьэхэм, зрихьэлІэхэм дапщэщи щапхъэ яхуэхъуу.

**ИлъэС бжыгъэ куэдым къриубыдэу сэ мызэмытІэу лэжьыгъэ Іуэхукіэ сыщыІащ Къалмыкъыр щылІажьа Саратов юридическэ институтым, ар зи пашэ кафедрэм Іуэху зехьэкІэхэмкІэ дыщызэдэгуашэу. А лъэхъэнэм сэри срипашэт Къэзахь къэрал университетым иІэ апхуэдэ дыдэ кафедрэм. Дэ дызэрыщІэрт ди лэжьыгъэкІэ, зэгъусэу дыхэтт щІэныгъэ конференцхэм, симпозиумхэм, щІэныгъэ советхэм драгъэблагъэрт, тхьилъыщІэхэм, къэхутэныгъэщІэхэм дагепсэльыхьу, ахэр зэпкърытхыу. Къалмыкъыр здэщыІэ апхуэдэ зэхуэсхэм нэхъыбэрэ зрихьэлІэным дапщэщи сыхущІэкъурт, сыту жыпІэмэ акъыл нэху, гупсысэ шэщІа зиІэ а цІыху тельыджэм сыдэуэршэрыну, Іуэхугъуэ гуэрхэм зэрелъыр ззэгъэщІэну сфІэфІти. Дапщэрэ хуэумыкІуэми, абы и бгырыс хьэщІэ егъэблагъэкІэр япэ итт, ари гумрэ псэмрэ кьабгъэдэкІ гуапагъэу зэрыщытыр зыхьумыщІэнкІэ Іэмал имыІэу.

Зэгуэрым абы и библиотекэм щыслъэгъуат тхьилъыфІ гуэр, гъэтыгъуейрэ щІэрыІуэу, икІи сымыгъэщІэгъуэн слъэкІакъым апхуэдэ къыдэкІыгъуэ хьэлэмэтыр зэрызыІэригъэхьэфар. И унэ сыкъыщІишьыкри, абы сригъэтІысхьажащ Алма-Ата кІуэж мафІэгум. Гъэгум сыздытетым, си портфелыр кьызэІуэохри - а тхьилъыр абы дэлъщ. Ар хьэщІагъэ лъагэм и нэщэнэу икІи хьэщІэм и дежкІэ дерс щхьэпэу къызэлоІэтэ. Апхуэдэ гуапагъэр гум куэдрэ ильщ. Ди зэхуэзэхэр гъэнщІат псалъэмакъ купщІафІэхэмкІэ, зэдауэ зэхэлэмэтхэмкІэ, Іуэху еплъыкІэ зэтемыхуэхэмкІэ, атІэми ахэр дапщэщи «ягъэІэфІырт» Юрэ и гушыІэкІэ щабэм, апхуэдизу ар псалъэм хуэІэзэт, бзэм хуэшэрыуэти. Къэхъурт ди зэІущІэхэм пэщІэдзэ щызыгъуэта Іуэху еплъыкІэхэр абы и къэхутэныгъэхэм, иужькІэ щІэныгъэ статьяхэм, докладхэм, тхылъ щхьэхуэхэм лъабжьэ щахуэхъуж.

Лъэпкъ щІэныгъэм зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа Іэщ Іагъэлъ пажэхэм ящыщщ Къалмыкъ Юрэ. ЕджанІэ нэхъыщхьэм щыщыІаи, жылагъуэ Іуэхухэр щызэфІихаи, къэрал, политикэ къулыкъу лъагэхэм щыпэрытаи - абы зэи Іэщ Іыб ищІакъым щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Къалмыкъым и къалэмым къыпыкІа тхыгъэхэр хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ ятеухуауэ щыІэ тхылъхэм я нэхъыфІхэщ, ахэр хэлъщ лъэпкъ щІэныгъэм и фондым. Сэ абыхэм сыт щыгъуи щыгъуазэ захуэсщІырт гупсэхуу, рецензэ зыхуэстхэри мымащІэу.

ЗэхъуэкІыныгъэм и лъэхъэнэм Къалмыкъыр куууэ хэтащ «борэнымрэ гъуэжькуиймрэ» я курыкупсэм. Къэрал экономикэм хуиту зезыгъэужьын хабзэхэр зэхэлъхьэнымкІи елэжьа хэкупсэкъм ящыщащ Юрэ, уеблэмэ а лъэхъэнэм къащта хабзэхэм куэд яхэтакъым абы и нэІэм щІэныгъэ и къэпщытэныгъэхэм кІуэцІрымыкІа. Абы щыгъуэ сэри сахэтт хабзэхэм елэжь комиссэхэм. Дэ дыщылажьэрт Москва и Іэшэлъашэхэм щыІэ санаторэ гуэрым и унэм. СощІэж: хабзэфІыбзыкІ комиссэм и унафэщІт Къалмыкъри, махуэ псом Совет Нэхъыщхьэм щыІамэ, пщыхьащхьэм дэ кьыхтыхьэжьырти, и гуи и пси етауэ, дэтхэнэ хьэрфри псалъэри щІипщІытыкІыу, зэригъэзахуэу кьыддалажьэрт. Апхуэдэ щІыкІэкІэ дгъэхьэзырауэ щытащ Урысей Федерацэр, СНГ-м хэт къэралхэр ноби зэрыпсэу хабзэ нэхъыщхьэм ящыщ куэд. Хабзэхэр лъэхъэнэм хуэфащэу убзыхужьыным псэуху елэжьащ ди ныбжьэгъу пэжыр.

Юрэ ящыщт зи къэралыр, щалъуа и щыналъэ цІыкІур фІыуэ зыльгъэухэм. Ар сыт щыгъуи ирипагэрт икІи иригушхуэрт къэзыхэкІа адыгэ лъэпкъ ЩІэныгъэ ящыщ. Ар сыт щыгъуи хиущІыр е ныбжьэгъу зыхьзэрыхьхьэр зыкІи ептхатэкъым ар зыщыщ лъэпкъым. Нэхъ зэныбжьэгъуэхр цІыху 11 дыхъурти, лъэпкъи 7-м дащыщт, шхэпсу кьытхэтри Къалмыкъыр. ДыкъызыхэкІа лакъэмрэ дыкъыщалъхуа щІыпІэмрэ емыльытауэ, псори дызэдэлэжьащ дызэгурыІуэу, ди къэралыр ефІэкІуэным, лъэ быдэкІэ уеныжьым дэтхэнэми ди къарурэ зэфІэкІрэ етхьэлІэу.

Сыт хуэдизэ лІыгъэрэ зэпІэзэрытыныгъэрэ хэлъа Къалмыкъым?! Мыхъумыщагъэмрэ лей зехьэнымрэ я бийуэ псэуащ ар. Абы и щапхъэхэр гъэнэжщ. 1980 гъэм СССР-м икІыным ирахулІат ди ныбжьэгъуфІ, юрист-цивилист хуэдым ди егъэджакІуэ икІи унэтІакІуэ Иоффе Олимпиад (иужьрей зэманым ар щытащ США-м и университет цІэрыІуэхэм ящыщ зым и профессору). Хэкум икІа нэужь, ныбжьэгъу «пэжу» иІахэм ящыщ куэдым абы я щІыб хуагъэзат, властым и губгъэм къахьаным щышынэрэ. Ныбжьэгъугъэм епцІыж зи мыхабзэ Юрэ зыми зыдигъэшакъым, Олимпиад хуиІа щытыкІэми зы мэскъал кІэзригъэхуакъым, уеблэмэ абы пыщІэныгъэ зэрыхуиІэр зэи ибзыщІакъым. Апхуэдэ лІыгъэхэм ящыщтэкъэ абы 1994 гъэм и щэкІуэгъуэм ича лъэбакъуэри.

ЖыпІэнурамэ, щІэныгъэми гъащІэми щылІыхъуэст Къалмыкъ Юрэ. Апхуэдэхэм я лъэужьыр щІэх хэгъуэщэжьыркъым. И Іэдакъэщ Іэкі лэжьыгъэхэмкІэ, гупсысэхэмкІэ Юрэ ноби кьытхэтщ псэухэм, гъуазэ кьытхуэхъуу.

БАСИН Юрий,
профессор.

Акъыл шэщІарэ Іуэху еплъыкІэ хэхарэ

Сэри си унагъуэм исхэми Тхьэшхуэр кьытхуэупсауэ кьыдолъытэ Къалмыкъ Юрэ Хьэмзэт и къуэм гъащІэ гъэгум дызэрыщыІущІамкІэ. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 80 - 90 гъэхэм, къэралым и иджырей тхыдэм щыщу нэхъ гугъуу икІи зэхэзэрыхьауэ ялъытэм, дэ унагъуитІыр Москва дыщызэрихьэлІауэ щытащ. НыбжьэгъуфІ схуэхъуа Юрэ и хьэл-щэнымкІэ сэ хъэцІыхуэ щІа бгырыс лъэпкъ уардэм ящыщ къэралым и къэкІуэнымкІэ и министерствэм и пашэу зэрыщытар, гъащІэм, псэукІэм я хабзэщІэхэр иукъуэдийрэ ахэр цІыхубэм яхуигъэлажьэу.

Сыт хуэдэ къалэн имыгъэзэщІами, Къалмыкъым и дежкІэ нэхъыщхьэр цІыхухэм пэжагъым тету къулыкъу яхуэщІэнырт, зэфІэкІыу бгъэдэлъыр абыхэм яхуигъэлажьэнырт. Щалъхуа щІыпІэм къыщыщІэж бгыщхэ псынэпсым хуэдэу къабзэт абы и псэр, и гупсысэхэр, и ІуэхущІафэхэр, хэбдзын хэмылту. А псынэпсым и зы Іубыгъуэ щІыІэм, уи кьарур къызэрызыгъэгъэтыжрэ гупсысэр зыгъэжаныжьым, хуэдэт си ныбжьэгъуфІым и дзтхэнэ ІуэхущІафэри.

Сэ, Хохлов Славэ, Къалмыкъ Юрэ - дэ щым ди зэхуаку дэлъа зэхущытыкІэр куэдрэ изогъэщхь фронтым зэдыІут цІыхухъуэхэм яку къыдэхъуэ зэныбжьэгъугъэ быдэм, пэжым. Дамэпкъ лъэщым хуэдэу щІэтъэкъуэн хъу а гурыщІэр псыхьащ хахуагъэкІэ, лІыгъэкІэ, псэемыблэжьагъкІэ. Зэкъым икІи тІэукъым дэ, зэныбжьэгъуэр, щытыкІэ кьиІэзэрымыкІуэ дызэрихуар. Апхуэдэхэт, псалъэм папщІэ, Совет Нэхъыщхьэм и щІыхьэпІэм танкэр щыщщІыгъуэгъуа 1991 гъэм и шыщхьэуІур е 1994 гъэм Шэшэным зыщыщІидза лъыгъажэ зауэр. Абы щыгъуэм дэ псалъэ быдэ ттауэ щытащ хабзэмрэ хуитыныгъэмрэ къэралым щытхъумэну, сыт хуэдэ уасэ абы щІэттэн хуей мыхъуми. А зауэр зэрауламкІэ зэрымыарэзыр кьигъэлъагъуэу Къалмыкъыр и кьулыкъум телкІауэ щытащ. Ар куэдым яхуэзэфІэмыкІын лІыгъэщ.

Апхуэдэ гугъуэхь куэдым гъащІэм гурэ псэкІэ щыпэщІэтащ си ныбжьэгъуфІыр. Ар цІыхуфэм дэмыхуэным хуэдизщ, цІыхугуми хуэмыхьын хьэлъэщ. Сэ сыхунэсащ си гур операцэ езгъэщІын. Слави Юри хунэсакъым...

Си ныбжьэгъуэхэр дунейм ехьжащ мазэ бжыгъэ фІэкІа я мызэхуакуу. Абыхэм я щымыІэжьныгъэр сэ икъукІэ кьыстехьэлъати, кьыісфІэщІыр ешу

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Берлини Іыхьэншэу къэнакъым...

● Тхыдэ гъунэгъу

Унафэр унафэщ, ар бгъэзэщІэн хуейщ... пхузэфІэмыкІынуми

Илъэс къэс дэ нэхъ тпэжыжьэ мэхъу Хэку зауэшхуэр. Арщхьэкіэ абы ди къэралым и тхыдэм апхуэдизу хэмыгъуэщэжьи увыпІэшхуэ щиубыдащи, зэпымыууэ кьыдоцІэ теухуа щІэ гуэрхэр. Щэч гуэри хэлъкъым куэдым иджыри дызэрыщымыгъуаз-эм.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Берлин бомбзэкъмкІэ еуэным теухуауэ 1941 гъэм и щыщхьэІуфм Сталиным ищІа унафэр. Ар хэІущІыІу щыхъуэр иджы дыдэщ. Ещанэ рейхым и щыхьэрым щыпсэуэхэм мазэ псокІэ я псэхэр дзапэкІэ яІыгъащ.

1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-мрэ 22-мрэ я жэщым нэмыцэ авиацэр япэу бомбзэхэмкІэ кьеуаущ Москваре абы и Іэшэлъашэхэмрэ. Фронтхэм щытыкІэр щыгугъу дыдэ зэманым ар кьытехьэлъащ совет цІыхухэм. Бийм етын хуейт хуэфэщэн жэуап. СССР-м и Дзэ-тенджыз флотым и авиацэм и унафэщІ Жаворонков Семён кьыхилхьащ Берлини бомбзэхэмкІэ еуэну. Ар жэрдэм хъарзынэт, ауэ дэнэ къару кьыздипхынур? Сталиныр арэзы техъуащ. ВМФ-м и цІыхубз комиссар Кузнецов Николаи дИыгъащ а мурадыр. 2018 гъэм и гъэмахуэрэ вождым а зэманым хуэдизкІэ унафэр нахуэ кьыщащІар. «Ныбжьэгъу Вдопьяновым деж 81-нэ авиадивизием и пщэ изолъхьэ щыщхьэуІум 8-мрэ 9-мрэ я жэщым я дуней щытыкІэм кьыщезэгъ къыкІэлъыкІуэ махуэхэм Берлин еуэну. Бомбзэхэм я мызакъуэу мафІэсхэр къэзыгъэхьу лагъымхэри фІэкІыпІэ имыІэу ирадзыхьн хуейщ...»

Ауэ унафэ пщыныр куэдкІэ нэхъ тынщщ ар бгъэзэщІэным нэхърэ. Берлин жьыжьэт, нэмыцэ ПВО-хэм уапхрыкІыу абы уеІуэлІэфыну уи нэгу кьыщІэбгъэхьэну гугъат. Ар техникэ и лъэныкъуэкІи яхуэзфІакІынутэкъым. Ауэ унафэр тхылъымпІэм кьинэ хъунутэкъым.

Хэкіыпіэ зимыІэ щыІэкъым

ЦІЫХУБЭ комиссар Кузнецовым къыхилъхьащ Моозунд архипелагым и дзэ аэродромхэм ящыщ зыр къагъэсэбэпыну: нэгъуэщІкІэ Берлин уІуэлІэсыфынутэкъым. Псом хуэмыдэу кьеэзгъырт Балт тенджызым хэт Сааремаа хьІыгум и аэродромыр. Ауэ абы бомбзэехьэ кхухьлъатэ хьэлъэхэр тельэтыкІыфынутэкъым. ПІалъэ кІэщІ дыдэм псори ягъэтэмэмащ. Арщхьэкіэ узрикъуну гъэсыныпхъэхэр уиІэу абы утельэтыкІкІэ Іуэхур зэфІэкІыртэкъым. Фашистыгуэным унэсыхукІэ лъэпощхьапІо куэд дыдэ кьыззранэкІынкІэн хуейт. ИлъэуэкІэ Германием и ВВС-хэм я Іэтащхьэ Геринг тхъэ иІуат зэи зы бомби Берлин дэмыхуэну. Мурад ящІащ зэрахуэзфІэкІкІэ нэхъ лъагэу дэкІуейуэ лъэтэну. Ар зыхуэгъэзар гурыІуэгъуэт: километри 7 я лъагагъуэ кІуэмэ, нэмыцэхэм я ПВО-хэри зэрызауэ кхъухьлъатэхэри кьалъэІэсыфынукъым: ахэр километри 4-5-м фІэкІыфыртэкъым. Бомбзэхэр дадзэу кьагъэзэжьыни хуейт, арщхьэкІэ абы ди кхъухьлъатэзехуэхэр егупсысыртэкъым: нэхъыщхьэр Сталиным и унафэр ягъэзэщІэнырт...

Мыри зыщыбгъэгъупщэ хъунутэкъым, метр мини 7-кІэ удэкІуеймэ, щыІэр градус 35-40-м нэсырт. Кхъухьлъатэ кІуэцІми щынэхъ хуабэтэкъым. КІэщІу жьыпІэмэ, апхуэдэ лъэбакъуэм утегушэн папщІэ жыру ущытын хуейт.

Апхуэдизу и лъагагъуэ узгум итми, фронтым зэрызэпрыкІыу нэмыцэхэм гу кьыпльатащ. Арщхьэкіэ ковуакъым: бийм и фІэщ хъуртэкъым урысхэр мыпхуэдэ Іуэхум тегушхуэну - псоми я гугъат езыхэм яйхэм кьагъэзэжу.

ДБ-3Ф кхъухьлъатэ хьэлъэхэр 15 хъурт, гупищу гуэшауэ. Ягъэуба зэманым ахэр Берлин нэсащ. Кьаларр жей Іэфым хэтт, уэрамхэм дэтыр иужьрей трамвайхэм я закъуэт. НапІэзыпІэм нацист Германием и щыхьэрым щытыкІэм зыщихьэжащ: абы тещэщащ килограмм 250-рэ зи хьэлъагъ бомбзэр, щыпІэ куэдыр мафІэсхэм зэщІищтащ. Кьаларр плъыжьыгъэм ириІат. Кхъухьлъатэхэм ящыщ зым и радист Кротенкэ Василий Москва кхъухиІуэхуащ пщэрыльэ щащІа кьаларнхэр зэрагъэзэщІар.

ЦІыху гужьеяхэр я унэхэм кьыщІэжырт. Нэмыцэ ПВО-хэм зыкъащІэжьхукІэ зэман дэкІащ. ИужькІэ ахэр мыувыІэу уафэм дэуейуэ хуежьащ, арщхьэкІэ къикІа щыІэтэкъым: узгум совет кхъухьлъатэхэр кьыщызыльхьуэ прожекторхэр километри 7-м нэскІэ дэпльеифыртэкъым, шэхэри нэсыртэкъым.

Ауэ ягъэмыкІуэ зэрызэрыгъэсыкІэ зыгъэнщІ компание инхэм а штаб-фэтэрхэр.

Нэфі-ней

- Щыналъэ бюджетхэм ахъшэ нэхъыбэ кьыхуэзыхьыр сыт хуэдэ налогхэра?

- Лэжьакіуэ кьыззрыгуэкІэм ятхэм. Арщхьэкіэ зызыужьа щІыналъэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ хэхъуэхэм я процент 20-р яІэрыхьэным. Ауэ нэхъапэм бизнесым кьиутІыпщ мылъкум и процент 18-р Федерацэм и щІыналъэхэм ялъысу щытамэ, 2017 гъэм а бжыгъэр процент 17 хъуащ - аргуэру зы процент федеральнэ бюджетым ягъэкІуащ. Псом япэу ар зыхуэгъэзар налогышхуэ дыдэ зыІэрыхьа Москва Іэмал зэрыІэкІэ ахъшэ нэхъыбэ кьытеудынырт.

- Ауэ, икІэм-икІэжьым а ахъшэ псори захуагъэ хэлъу икІи экономикэр и лъабжьэу щыналъэхэм трагуашэрэ?

- Бюджетхэр зыхуэщІэхэр нэхъ захуагъэ хэлъу хуаутІыпщ. А хабзэр есэп цІыхьэхуэм тещІыхьащ. Адрей трансферт псори гурыгъуаззщ ищхьэкІэ щыІэ кьулыкъущІапІэм зэрищІым псори епхащ. Мыбдеж куэд щелъытащ щІыналъэм и Іэтащхьэм и зэфІэкІым. Хэзэгъкіа щІыналъэхэри щыІащ - Щэшэнэр, Кьрымыр, Севастополь. Абыхэм ират дзэпыкъунгъэр зытелъхьар экономикэ фейдэркъым, атІэ политикэшхуэрэ. А щхьэусыгъуэм кхьэхкІыу Кьрымымрэ Севастополырэ щыпсэуэхэм ящыщ дэтхэнэми 2018 гъэм УФ-м и бюджетым кхьэхкІыу хуэдэ 1,6-кІэ нэхъыбэ яІэрыхьащ зэрыщытУрысейм и цІыхухэм ику иту ялъысьам ялъытатэуэ. Кьрым Республикэм дотацэм и инагъыр нэгъабэ процент 68-рэ щыхъуащ.

- Осетие Ищхъэрэ - Аланием Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ бюджетым «тесхэм» я лжьапщІэр нэхъ мащІэ дыдэ улахуэ зыІэрыхьэхэм ялъысьм нэхърэ хуэдитІкІэ нэхъыбэм хуейуэ къэзыгъэуэ проект.

- Ар къезэгъыркъым сыт и лъэныкъуэкІи. Центрым дэнэ щищІэрэ улахуэхэм я пщалъэхэр? ЩІыналъэхэм ахэр ауэ жьыжьэуи щызэтехуэркъым. Абы щыгуэми, федеральнэ правительствэракъым, атІэахращ щІыхьэ я пащхьэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ жэуап щызыхьхэр.

Щыналъэхэм ящыщ

Хэт дэтхэнэр игъашхэрэ?

НитІыр зэрызэхуэмыдэм хуэдэ дыдэу, зэщхьэщокІ Урысей абрагъуэм и щІыналъэхэри. Псори мэлажьэ, арщхьэкІэ зыри кьулей хэхъуКІыркъым. Дэнэ атІэ мылъкур здэкІуэр? ИкІэм-икІэжьым сыт ахэр псэуКІэкІэ щІыпсэщхьэщкІым и щхьэусыгъуэр? Иужь ильэсхэм къэуба а упщІэхэм, нэгъуэщІхэм жэуап зэмылІэужьыгъуэхэр ират щІэныгъэлІхэм. Дэ нобэ щыгъуаз фыдощІ а Іуэхум теухауэ Москва къэрал университетым и профессор Зубаревич Наталье жиІэхэм.

Пэжыр

- Урысейм и щІыналъэ 13-м адрей 72-м псэуныгъэкІэ хуабжьу зыщІагъакъуэу кьалъытэ. Ар пэж?

- Хьэуэ. Мыр къэбжькІэ мытэмэмым тещІыхьащ. Донорхэу ди дежкІэ щыщалъытэр езыхэм я бюджетыр зыхущыщІэр ирагъэкъужьи папщІэ центрым ахъшэ кьеІыэзмыихэрщ. Ауэ а дотацэр федеральнэ бюджетым щІыпІэхэм яхуиутІыпщ мылъкум и Іыхьэ щанэ хъдейщ. Абы кьыдэкІуэу щыІэщ субсидиехэри субвенцэхэри. Федеральнэ министерствэхэм езыхэм занщІэу щІыналъэхэм ахъшэ щыхуаутІыпщІ кьохъу. Нэхъ лъэрызэхьэхэм дотацэу хуаутІыпщІкІэ нэхъ мащІэщ, ауэ налог нэхъыбэ кьыщІэкІащ абы кьахуиутІыпщІыжьым нэхърэ.

- Араи щІыжаІэр: «Дэращ зыгъашхэр къэралыр!»

- Мыбы пэж гуэр хэлъщ. Псом хуэмыдэу ар металлургиемрэ энергетикэмрэ зыщІужьа Красноярск крайм е Иркутск областым щыщыжаІэхэм деж. Арщхьэкіэ къэралыр нэхъыбэу зыкъуэсыр щІыпІищ кьудейщ. 2018 гъэм федеральнэ бюджетым щхьэкІуа налог псоми я процент 36-р Ханты-Мансийск, Ямал-Ненец округхэм ськатащ. Илъэс къэс процент 12-15 хуэдизкъыпкърокІ Москваи. Сыт апхуэдэу щІэхъуэр? ЩІым кьыщІаш къулеигъэхэмрэ ящхьэмрэ ялэкІуэу ят налогхэрщ зи фІыгъэр. Ялэ щІыналъэхэр щІыдагъэ-газ кьыщІэщыпІэхэм щыІэщ, щыхьэрым ахъшэшхэ дыдэ щызэкІуэ.

- Арщхьэкіэ Ищхъэрэ Жыжьэм цІыхухэр щытхъэжу псэуркъым, ят налогхэр зыхуэдизым тепщІыхьмэ...

- Пэжщ, а автоном округэм яІэрыхьэжыр налогхэу кьыщыхахам и процент 15-20-рщ. ЩІыналъэр ткІийщ, зыщымыужьащ, абы псорэ щыпсэпІэщ. Араща а округэм щыпсэуэхэм Москва и Іэшэлъашэхэм унэхэр кьыщыщІащхьу. Абы кьыхэкІыу ди кьаралым ипэжыпІэкІэ щыкъулейр Москва и закъуэщ.

- СыткІэефІэкІрэ Москва адрейхэм?

- Ялэ ефІэкІыныгъэр кьызыхэкІыр гурыІуэгъуэ дыдэщ. Абы щызэтрихьащ мылъку, цІыху куэдыщэ. Дуней псом кьалэшхуэхэр зыужьыныгъэкІэ псоми щащхьэщокІ. ЕтІуанэрауэ. Урысейм «и лъабжьэм кьыщыщІэдзауэ и щхьэм нэс дэкІуей зы кьудамэ закъуэ» хабзэр щыгъуэращ, абы кхъухэкІыу щыхьэрым упэхунукъым. Москва дэсщ улахуэшхуэ зыІэрыхьэ къулыкъущІэ куэд. Абы щыІэщ цІыкІу ІэрыщІщ, метри 4 и бгъуагъуэ. Еджагъэшхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, мыбдеж тхъэхэм щыІэхьу щытащ цІыхухэм тыхь (тыгъэ) хуащІхэр. Абы щыхьэт тохъуэ кьагъэтуэ Іэмэпсымэ гуэрхэр. Арщхьэкіэ мы щыпІэм нэгъуэщІ мыхьэнэи иІауэ кьыщІэкІынкІэ зыхуэІуа щыІэжьым.

НаІуэу зэрыщытщи, пасэ зэманым МеотидзкІэ еджэрт Іуэзэ тенджызым кьыщыщІэдзауэ тенджыз ФІыцІэм нэс дэлъ щІыналъэм. ГъэщІэгъэнщ, ауэ а зэманым щыІа картэхэм Іуэзэ тенджызыр зэритхамкІэ, ар метррэ ныкъуэрэ зи лъагагъ Іуащхьэ щыІэ Іэрыщ1щ, метри 4 и бгъуагъуэ. Еджагъэшхуэхэм зэрыхуагъэфащэмкІэ, мыбдеж тхъэхэм щыІэхьу щытащ цІыхухэм тыхь (тыгъэ) хуащІхэр. Абы щыхьэт тохъуэ кьагъэтуэ Іэмэпсымэ гуэрхэр. Арщхьэкіэ мы щыпІэм нэгъуэщІ мыхьэнэи иІауэ кьыщІэкІынкІэ зыхуэІуа щыІэжьым.

НаІуэу зэрыщытщи, пасэ зэманым МеотидзкІэ еджэрт Іуэзэ тенджызым кьыщыщІэдзауэ тенджыз ФІыцІэм нэс дэлъ щІыналъэм. ГъэщІэгъэнщ, ауэ а зэманым щыІа картэхэм Іуэзэ тенджызыр зэритхамкІэ, ар метррэ ныкъуэрэ зи лъагагъ Іуащхьэ щыІэ Мэуэтхэм я щэдылъэущ» (псынщІэущ).

- ИтІанэ щІыналъэхэр зэхуэдэ хъуну?

- Хьэуэ. Ахэр пхузэхуэгъэдэнукъым - зыр ялэ итщ, адрейр кьыкІэроху. Арщхьэкіэ мыхьэнэшхуэ иІэщ уи зэфІэкІкІыр кьыщыбгъэльэгъуэфыну щІыналъэ нэхъыбэ кьэралым иІэным, дэтхэнэми и Іуэху кьыщикІыну щІыпІэр кьыхихыфын хуэдэу. Кьэралым кьыщалэжьыр щІыхуэхм яхуэзмэгъэкІыну, щІыпІэр кьыхихыфын, медицинэм, щэнхабзэм. АхъшэкІэ Іуэхур зэфІэкІынукъым. ЩІыналъэ Іэтащхьэхэр хуит ящІыпІэхэщ езыхэм ещэщІыпІа Іуэхуэхэр нэхъ тынщу зэрагъэкІуэну.

ГъэщІэгъуэнщ

«Мэуэтхэм я щэдылъэ»

Тхыдэм умыщІэхъэу куэд егъэпщкІу. Дон Іус Ростов илъэситІ и пэкІэ кьыщагъуэтащ ди эрэм и ялэ ит илъэс миным тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм Іуса мэуэтхэм (адыгэхэр дыкъызытехъукІауэ кьалъытэ лъэпкъхэм ящыщ зыщ) кьадекІуэкІа щэнхабзэм ехьэлІа щІыпІэ. «Загадки истории» журналым зэритхамкІэ, ар метррэ ныкъуэрэ зи лъагагъ Іуащхьэ щыІэ Мэуэтхэм я щэдылъэущ» (псынщІэущ).

УпщІэ - жэуап

Щхьэж зэрыфІэфІщ

- Къэрал газ компание гуэрым улахуэхэр 2019 гъэм и іэщІэдзэм проценти 4-кІэ, фокІадэм аргуэру процент 15-кІэ кьыщаІэтащ. АрщхьэкІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ дэ ди лэжьапщІэхэм зы соми кьыхэхъуэрккъым. Сыт ар кьызыхэкІыр?

- «ЛЭЖЬЫГЪЭ кодексым ипкъ иткІэ улахуэр индексацэ ящІын хуейщ инфляцэр зыхуэдизым тещІыхьауэ. Арщхьэкіэ щыхагъэхуэну зэманри, хагъэхъуэнур зыхуэдизри хабзэм кьыщыгъэльэгъуакъым. Араща, лжьапІэ кьезытхэр езыхэр зэрафІэфым тету мы Іуэхум бгъэдохьэ, - упщІэм апхуэдэ жэуап ирет УФ-м и Правительствэм и деж щыІэ финанс университетым и профессор Сафонов Александр. - ЩІышылэм и 1-м зи улахуэхэм хэхъуахэр ахэр МРОТ-м - лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэм - пышІащэм я закъэщ - сом мин 11-рэ 280-м иКІри сом мин 12-рэ 130-м нэс дэкІуеящ. Апхуэдэу 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къаурзехьэ Іэнатіэхэм, бюджетым ирипсэу яэныкъуэхэм яІэрыхьэхэм заІэтынущ. Адрейхэм - я Іуэху кьыззрикІщ».

● Щыналъэхэр

Хэт дэтхэнэр игъашхэрэ?

Нитіыр зэрызэхуэмыдэм хуэдэ дыдэу, зэщхьэщокІ Урысей абрагъуэм и щІыналъэхэри. Псори мэлажьэ, арщхьэкІэ зыри кьулей хэхъуКІыркъым. Дэнэ атІэ мылъкур здэкІуэр? ИкІэм-икІэжьым сыт ахэр псэуКІэкІэ щІыпсэщхьэщкІым и щхьэусыгъуэр? Иужь ильэсхэм къэуба а упщІэхэм, нэгъуэщІхэм жэуап зэмылІэужьыгъуэхэр ират щІэныгъэлІхэм. Дэ нобэ щыгъуаз фыдощІ а Іуэхум теухауэ Москва къэрал университетым и профессор Зубаревич Наталье жиІэхэм.

Пэжыр

- Урысейм и щІыналъэ 13-м адрей 72-м псэуныгъэкІэ хуабжьу зыщІагъакъуэу кьалъытэ. Ар пэж?

- Хьэуэ. Мыр къэбжькІэ мытэмэмым тещІыхьащ. Донорхэу ди деж кьыщалъытэр езыхэм я бюджетыр зыхущыщІэр ирагъэкъужьи папщІэ центрым ахъшэ кьеІыэзмыихэрщ. Ауэ а дотацэр федеральнэ бюджетым щІыпІэхэм яхуиутІыпщ мылъкум и Іыхьэ щанэ хъдейщ. Абы кьыдэкІуэу щыІэщ субсидиехэри субвенцэхэри. Федеральнэ министерствэхэм езыхэм занщІэу щІыналъэхэм ахъшэ щыхуаутІыпщІ кьохъу. Нэхъ лъэрызэхьэхэм дотацэу хуаутІыпщІкІэ нэхъ мащІэщ, ауэ налог нэхъыбэ кьыщІэкІащ абы кьахуиутІыпщІыжьым нэхърэ.

- Араи щІыжаІэр: «Дэращ зыгъашхэр къэралыр!»

- Мыбы пэж гуэр хэлъщ. Псом хуэмыдэу ар металлургиемрэ энергетикэмрэ зыщІужьа Красноярск крайм е Иркутск областым щыщыжаІэхэм деж. Арщхьэкіэ къэралыр нэхъыбэу зыкъуэсыр щІыпІищ кьудейщ. 2018 гъэм федеральнэ бюджетым щхьэкІуа налог псоми я процент 36-р Ханты-Мансийск, Ямал-Ненец округхэм ськатащ. Илъэс къэс процент 12-15 хуэдизкъыпкърокІ Москваи. Сыт апхуэдэу щІэхъуэр? ЩІым кьыщІаш къулеигъэхэмрэ ящхьэмрэ ялэкІуэу ят налогхэрщ зи фІыгъэр. Ялэ щІыналъэхэр щІыдагъэ-газ кьыщІэщыпІэхэм щыІэщ, щыхьэрым ахъшэшхэ дыдэ щызэкІуэ.

- Арщхьэкіэ Ищхъэрэ Жыжьэм цІыхухэр щытхъэжу псэуркъым, ят налогхэр зыхуэдизым тепщІыхьмэ...

- Пэжщ, а автоном округэм яІэрыхьэжыр налогхэу кьыщыхахам и процент 15-20-рщ. ЩІыналъэр ткІийщ, зыщымыужьащ, абы псорэ щыпсэпІэщ. Араща а округэм щыпсэуэхэм Москва и Іэшэлъашэхэм унэхэр кьыщыщІащхьу. Абы кьыхэкІыу ди кьаралым ипэжыпІэкІэ щыкъулейр Москва и закъуэщ.

- СыткІэ ефІэкІрэ Москва адрейхэм?

- Ялэ ефІэкІыныгъэр кьызыхэкІыр гурыІуэгъуэ дыдэщ. Абы щызэтрихьащ мылъку, цІыху куэдыщэ. Дуней псом кьалэшхуэхэр зыужьыныгъэкІэ псоми щащхьэщокІ. ЕтІуанэрауэ. Урысейм «и лъабжьэм кьыщыщІэдзауэ и щхьэм нэс дэкІуей зы кьудамэ закъуэ» хабзэр щыгъуэращ, абы кхъухэкІыу щыхьэрым упэхунукъым. Москва дэсщ улахуэшхуэ зыІэрыхьэ къулыкъущІэ куэд. Абы щыІэщ

Щыналъэхэм ящыщ

Щхьэж зэрыфІэфІщ

- Къэрал газ компание гуэрым улахуэхэр 2019 гъэм и іэщІэдзэм проценти 4-кІэ, фокІадэм аргуэру процент 15-кІэ кьыщаІэтащ. АрщхьэкІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ дэ ди лэжьапщІэхэм зы соми кьыхэхъуэрккъым. Сыт ар кьызыхэкІыр?

- «ЛЭЖЬЫГЪЭ кодексым ипкъ иткІэ улахуэр индексацэ ящІын хуейщ инфляцэр зыхуэдизым тещІыхьауэ. Арщхьэкіэ щыхагъэхуэну зэманри, хагъэхъуэнур зыхуэдизри хабзэм кьыщыгъэльэгъуакъым. Араща, лжьапІэ кьезытхэр езыхэр зэрафІэфым тету мы Іуэхум бгъэдохьэ, - упщІэм апхуэдэ жэуап ирет УФ-м и Правительствэм и деж щыІэ финанс университетым и профессор Сафонов Александр. - ЩІышылэм и 1-м зи улахуэхэм хэхъуахэр ахэр МРОТ-м - лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэм - пышІащэм я закъэщ - сом мин 11-рэ 280-м иКІри сом мин 12-рэ 130-м нэс дэкІуеящ. Апхуэдэу 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къаурзехьэ Іэнатіэхэм, бюджетым ирипсэу яэныкъуэхэм яІэрыхьэхэм заІэтынущ. Адрейхэм - я Іуэху кьыззрикІщ».

● Андоррэ пщыгъуэр

Андоррэ пщыгъуэр Европэм и къэрал нэхъ цІыкІу дыдэхэм ящыщщ. Абы и щІыналъэр километр зэбгъуэнатІэ 450-м щигъуркъым. Испаниемрэ Франджымрэ я зэхуакум щыІэ а щІыпІэм туристхэр куэду макІуэ. Абы зыщыбгъэпсэхуну хуабжьу фІыщ: бгыхэм лыжэхэмкІэ кьыщажьихь, псы хущхъуэ пщтырэр щызэтракІэ, музейхэр щыкуэдщ.

Къэрал цІыкІум щыпсэуэхэм я бжыгъэр мин 70-м нэсыркъым. Абыхэм я нэхъыбэр испанхэмрэ франджыхэмрэщ.

«Махуэкум» и кьыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар политикэ обозреватель
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Щэнхабзэ

Мафіэсым пэщІэтхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэсым пэщІэтыныгъэ къегъэлыныкІэ и Іуэхущ1апІэм къипщыгэжащ 2019 гъэм мафІэсым щыхъумэныкІэ и кьудамэхэм, къэлъыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гупымрэ Іэщ1агъэ гуэдэн щрагъэгъуэт и центрымрэ я лэжьыгъэм кьрикІуахэр.

«ИЛЪЭС блэкІам «Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэсым пэщІэтныгъэ кьегъэлыныкІэ Іуэхущ1апІэ» зэралримкІэ - зонэ Іэнатіэм и мафІэсым пэщІэт-кьегъэлакІуэ частхэм я гупхэр 379-рэ кІуаш мафІэсхэр зрагъэуныкІфІыну. Абыхэм цІыху 50 кьыщрагъэлащ, 578-рэ ягъэІэпхъуащ. МафІэсхэм кьрикІуащ хэщІыныгъэу сом мелуан 23-рэ мин 945-рэ, кьрагъэлащ сом мелуан 685-рэ мин 20-рэ и уасэ», - къет Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэсым пэщІэтныгыпмрэ къегъэлыныкІэ и Іэнатіэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Сэбан Арсен.**

Іуэхущ1апІэм къьлъхъуэныгъэ-кІэгъэлыныгъэ и гупым и лэжьакІуэхэр 166-рэ ираджащ. Абыхэм дэІэпыкъуэгъу щратащ лей зытехьахэу цІыхуи 175-м.

Илъэсым кьриубыдэу Іэщ1агъэ гуэдэн щрагъэгъуэт и центрым и Іэщ1агъэлІхэм ягъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым КъыззрымыкІуэ къэхъуэкащІэхэр къэмыгъэхъуныкІэ, абыхэм я Іуэхьэгъэ гъэкІуэдыжьныкІэ зыІуэщыт и кьэрал Іэнатіэм (РСЧС) и унафэщІхэмрэ кьулыкъущІэхэмрэ гъэхьэзырыным ехьэлІа лэжьыгъэ. ЦІыху 960-м и пІэкІэ ирагъэзащ 1960-рэ.

МафІэс нэхъыбэ кьыщыхъуащ щыпІэ зэІухахэмрэ псэупІэхэмрэ. Ахэр нэхъыбэу кьззыша щъэусыгъуэхэм ящыщщ мафІэм зэрызэрымысакъыр, электроІэмэпсымэхэр щагъэувэкІ икІи кьыщагъэсэбэпкІэ хабзэм зэрытемытым, транспорт Іэмэпсымэхэм сэкъат зэралэм.

Лэжьыгъэм кьрикІуахэм щыхэпІэжьым гулъытэ щхьэхуэ хуащІащ республикэм и кьуажжэхэр мафІэсым зэрыпщІэтын псыкІэ кьызэрызэгъэпэщам. 2019 гъэм апхуэдэхэр зэрыщымыІэм е мафІэсгъэункІыфІ гидрантхэр, псыщІэжьпІэхэмрэ псы чэщанэхэмрэ зэрымытэмэмым кьыхэжьыу мафІэс кьыщыхъуа щІыпІэхэм ящыщу 20-м (ягъэункІыфІа мафІэсхэм и проценти 5-м) псы яІэн хуей хъуащ.

МафІэс щытыкІэр зэпІэзэрытын папщІэ илъэсым кьриубыдэу мафІэсым зыщащхьумэным хуэзыущий лэжьыгъэ драгъэкІуэкІащ кьуажжэдсхэм, Іуэхущ1апІэхэм, Іэнатіэхэм. Псори зэхэту кьызэрагъэпэщащ мафІэс кьэмыгъэхъуныкІэ Іуэху 49580-рэ, абыхэм щепсэльащ щыху 210495-м.

Я лэжьыгъэм кьрикІуахэмкІэ Іуэхущ1апІэм и мафІэсгъэункІыфІ Іэнатіэ нэхъыфІу кьалъытащ Дзэлыкъуэ районым и Къармэхьэблэ кьуажэм щыІэ мафІэс часть №17-р (унафэщІыр Бей Муратщ).

Къэбэрдей-Балъкъэрым мафІэсым пэщІэтыныгъэ кьегъэлыныкІэ и Іуэхущ1апІэм 2019 и лэжьыгъэм кьрикІуахэр зэпалъытыжри, Іэнатіэхэм хуагъэуващ 2020 гъэм зэфІэахыпхъэ кьалэнхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Щ1ыпІэ папщІэ

Зэпеуэм ирагъэблагъэ

Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэм пщэрылъ кьыщищІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм щокІуэкІ «Юный правовед» зэпеуэ.

АБы ХЭТЫНУ гупыж зыщІаxэм Іуэхум теухауэ щыгъуаз-зэ зыщащыбфынуц республикэ прокуратурэм и официальнэ сайтым.

Дэфтэрхэр Іахынущ щІышылэм и 22-м щыщІэдзауэ мазаем и 20 пщІондэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэ.

Сом мелуанрэ мин 956-рэ япшныжьк

Къэбэрдей-Балъкъэрым и автоинспекторхэм зэратх Іэмэпсымэхэм кьызэрагъэльэгъуэм тещІыхьауэ щІышылэм и 18 - 24-хэм кьриубыдэу гъэгъуэм зэрыщызекІуэ хабзэр кьызэрызэпаудам теухуа унафэ 6361-рэ кьащтащ. Псори зэхэту кьуэдыуэ тралъхьащ сом мелуани 4-рэ мин 211-м щІигъу. А махуэхэм япшнащ сом мелуанрэ мин 956-рэ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м кьриубыдэу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ кьудыр хабзэм игъэуба пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьяр) кьриубыдэу ямыпшынмэ, ар хуэдитІкІэ ягъэбагъуэ е сихьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ. Кьудыр птельмэ кьыщыпщІэфынущ Урысейм и Кьэрал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

Лъэсырыкіуэр зи зэранкіэ хэкіуэдар зэхагъэкі

Кэнжэ къуажэм щІышылэм и 26-м сихьэти 3-рэ дакъикъэ 15-м кьыщмызэгъым дежь гъуэгум щызэпрыкІ илъэс 37-рэ зи ныбжьу а щІыпІэм щыпсэур ириудащ «Хонда» автомашинэр зезыгъакІуэ щІалэм. ИужькІэ кьыхуэзкІуэ «Мерседес» автомашинэм ар жьэхэуащ. Гъуэгу-транспорт кьэхъуакъащІэм лей зыщытехьар игъуэта фэбжьхэм кьелакъым икІи дэІэпыкъуэгъу псынщІэр кьэмысу лІащ.

ИУЖЬКІЭ наІуэ кьызэрыхъуамкІэ, «Хонда» автомашинэм и рулым дэсащ Урысей МВД-м Налшык кьалэм щІэ управлензм и лэжьакІуэр. Полицейр кьапащытэри, зэрефар кьыщІагъэщащ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и Іуэхур зэхегъэкІ. Полицейр кьуаншэу кьыщІэкІмэ, абы жэуап ихьнущ щыІэ законодательствэм ипкъ иткІэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узышыгагъэ хъуэмэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщыІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехьэм нэсу жэуап ахь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезадзахэм яхуэхьынымр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэм ящІэнэ и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъуэмэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

*Мы